## БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу АллахIна, Iаламаш кхоьллина, кхобуш Волчу. Делера салам-маршалла хуьлийла вайн Элчанна Мухьаммадна - ша маьрша дин даржош веанчу, цуьнан доьзална, асхьабашна, къематде даллац нийсонца царна тIаьхьабаьзначарна а.

ХIай лераме махкахой! Баккъалла а, де-ненан декхар доккха ду, динехь цаьршинна билгалйина меттиг а лекха ю. Дена-нанна муьтIахь хилар шарIо тIедиллина, Дела цхьаъ варан могIарехь далош, хIунда аьлча цаьршинна шукра дар дозаделла ду Далла шукра дарца. Цаьршинна дика хилар – Веза-Сийлахьчу Далла уггар дукхаезначу Iамалех лерина. Дена-нанна дика хиларан дозалла, и важиб хилар а дуьйцуш дуккха аяташ а, хьадисаш а ду, царах цхьадерш хьахор ду вай.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIна Iибадат де аш, Цуьнца накъост ца веш, дена-нанна дика а хила шу».** *«Ан-Нисаъ», 36.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала** (хIай Пайхамар)**: «Схьадуьйла, ас доьшур ду шуна шу кхоьллинчу Дала шуна хьарам динарг: аш накъост ма войла Цунна цхьа а, дена-нанна дика а хила шу».** *«Аль-АнIам», 151.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьан Дала омра дина, Ша воцчунна Iибадат ма де, деца-ненаца дика а хила шу, аьлла. Хьуна гергахь цаьршиннах цхьаъ я ший а къаналле кхачахь, ахь цаьршинга ма алалахь «уффай!», чеха а ма делахь и шиъ, ахь ала цаьршинга хаза дош».** *«Аль-Исраъ», 23-24.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха весет дина адаме шен деца-ненаца** (дика хила, аьлла): **цуьнан нанас** (кийрахь) **лелийна иза, гIелъяларна тIе а гIелъяларца, цунах** (ненах) **къастар – шина шарахь хилла. Ахь шукра де Суна а, хьайн дена-нанна а, Соьга ю воьрзу меттиг».** *«Лукъман». 14.*

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ша хаьттира, аьлла: **«Далла уггар дукхаезарг муьлха Iамал ю?»** Цо жоп делира: **«Шен хеннахь дина ламаз ду».** Ас юха а хаьттира: **«ТIаккха муьлха ю?»** Цо жоп делира: **«Дена-нанна дика хилар ду».** Аса юха а хаьттира: **«ТIаккха муьлха ю?»** Цо жоп делира: **«Делан новкъахь къахьегар ду».** *Бухари.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла:

**«Даккхий къинош ду: Делаца накъост лацар, дена-нанна вуон хилар, бакъо йоцуш адам дер, харц дуй баар а».** *Бухари.*

Баккъалла а, дена-нанна дика хилар – иза Дала адам кхуллучу хенахь цунна чудиллина цIена гIиллакх ду, Делан шарIо бакъдеш а, цуьнца догIуш а долуш. Иза ду пайхамарийн а, дикачу нехан Iадат, гIиллакх а. Цул совнаха, бусалба стеган ийман даггара хиларан, иза сийдолуш хиларан а, Дала шена тIедиллина декхар цо хаза кхочушдеш хиларан а билгало ю иза. Дена-нанна дика хилар – Исламан хазачу гIиллакххех ду, хIунда аьлча цо, къобалдеш, тIеоьцу хаза дерг, сийлахь дерг лардар а. Цо тIенисво шариIат дуьззина хиларна а, шадерриг декхарш чулоцуш хиларна а. Иза къаьсташ ду адамаша шайгара юкъадаьхначу законех, де-ненан сий дар а, я цаьршинан декхарш лардар а доцуш долчу. Амма оцу законашкахь ду дена-нанна инкарло яр а, церан бакъонаш сийсазъяр а.

ХIара вай дуьйцург гучудоккху малхбузехьара шаьш Iилманна тIекхиъна бохучу пачхьалкхаша, цара дайх-нанойх шайн лаамийн гIирс бина. Цаьршингара пайдаэцна шаьш девлча, тергамбар доцуш дIатосу цара и шиъ. Ма кIезиг хьекъал, кхетам а бу цаьргахь берг, шарахь цкъа ненан де даздарца шаьш де-ненан декхарш кхочушдеш бу моьттуш уьш белахь. Оцу дийнахь бераша шайн наношна совгIатна зезагаш дохьу, шайна уьш безар, царна шаьш дика хилар а оцу балхаца лоруш. Дена-нанна дика хиларехь цаьргара схьадолуш дерг и ду-кх, царна дика хила шарахь цхьа де билгалдарца.

Мичахь ду церан да-нана Iалашдар, я мичахь ду церан цаьршинца къинхетаме хилар, я мичахь ду церан декхарш кхочушдар а?! И сийдолу деза гIиллакхаш девзаш дац царна, я царах цхьа а дакъа дац цаьргахь. Амма бусалба динехь билгалдина долу де-ненан хьакъ вай хьахийра жайна долош, иза кхачам боллуш билгалдар доцуш. Бакъду, бусалба дино дена-нанна вуон хилар дихкина, чIогIа кхерам баларца и ца магош. Дена-нанна вуон хилар даккхийчу къинойх къа ду, Делаца накъост лацарх ша хоттаделла а долуш. Оцу балхехь кхачаме ма ду Веза-Сийлахьчу Дала бохург: **«Ахь цаьршинга ма алалахь «уффай!», чеха а ма делахь и шиъ».** *«Аль-Исраъ», 23.*

***Уффай*** боху дош иштта доккха хилча (къа хиларехь), цул тIехдаьлларг муха хир ду аьлла хета хьуна?! Цунах лаьцна долу хьадисаш барам боцуш дукха ду, царах цхьаъ ду Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна), Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла, дийцинарг: **«Даккхий къинош ду: Делаца накъост лацар, дена-нанна вуон хилар а, бакъо йоцуш адам дер а, харц дуй баар а».** *Бухари.*

Дена-нанна хьалха долу декхар доккха делахь а, цаьршинна дика хила аьлла дина омра чIогIа делахь а, цаьршинна вуон хилар кхерам а тосуш дихкина делахь а, цхьаболчу нахана дицделла шайна хьехам барца довзийтинарг, де-ненан хьакъ лар ца до цара, царна вуон хилар ца дуьту цара. ХIокху жайнахь вай билгалбийр бу коьрта белхаш:

- Дена-нанна вуон хилар довзийтар.
- Царна вуон хилар гучудаккхар.
- Дена-нанна вуон хиларх лаьцна дийцарш.
- Дена-нанна вуон хиларан бахьанаш.
- Царна вуон хилар дIадаккхаран дарбанан некъаш.
- Дена-нанна дика хилар довзийтар.
- Цаьршинца лело деза гIиллакхаш.
- Дена-нанна дика хиларехь билгалбина белхаш.
- Де-ненан а, несан а юкъаметтиг.
- Дена-нанна дика хиларх лаьцна дийцарш.

АллахIе Цуьнан хазчу цIерашца а, Сийлахьчу сифаташца а ас доьху Шех кхоьручу дикачу нахах, Ша хаьржинчу цIенчу ленех Цо вай хилийтар, баккъалла а, и Дела оцу балхана тIехIоьттина верг, ницкъкхочуш верг а ву. Делера салам-маршалла хуьлийла вайн Элчанна, цуьнан доьзална, асхьабашна а, къематде даллац нийсонца царна тIаьхьабаьзначарна а.

**1. Дена-нанна вуон хилар бохучу дешан маьIна**

Дена-нанна вуон хиларан маьIна – царна дика хиларна бIостанехьа дерг ду. Ибн Манзура (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Дена-нанна вуон хилар – цаьршинца йолу юкъаметтиг хадийна, цаьршинца гергарло ца лелор ду».**

**2. Дена-нанна вуон хилар гучудаккхар**

Дена-нанна вуон хиларан билгалонаш дуккха а, тайп-тайпана а ю, царах цхьаерш юьцур ю вай:

- **Да-нана делхор я цаьршинга сагатдайтар**

Кхузахь башхалла яц – дашца и делахь, я балхаца делахь, я цхьана бахьаница делахь а.

- **Цаьршинна тIе мохь хьекхар, я и шиъ чехорца къехкадар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Чеха а ма делахь и шиъ, ахь ала цаьршинга хаза дош».** *«Аль-Исраъ», 24.*

- **Цаьршинан хабаре ладугӀуш «уффай» алар** (даккхий синош дахар) **я цаьршинан омранашна реза ца хилар**

ХӀара ду-кх, Дала вайга Ӏаддита аьлла вайна хьехнарг. Ма дукха бу-кх, дас-нанас шайга къамел деш, цаьршинга **«уффай»** олуш берш, шаьш цаьршимма бохург кхочушдийр делахь а.

- **Шен дена-нанна хьалха резавацар хоуьйтуш юьхь сеттор, хьаьжа юккъе шеддаш хиттор а**

Цхьаберш хуьлу нахана юккъехь белабелла, бекхабелла, шайн къамел хаза долуш, амма шаьш да-нана долчу баьхкина охьахевшича, шайн елаелла, екхаелла йолу яххьаш оьгӀазбахарца хуьйцуш, шаьш резабацар а гойтуш, и шиъ тергалдар а доцуш. Кхечанхьа церан белабелла, бекхабелла хилар хийцало оьгӀазлонца, церан хаза хабар ирчачу къамеле доьрзу. И санна волчух олу: **«Генарчаьрца гергарло лелош, амма шен гергарниш дакъазабохучу нахах ву».**

- **Дега, нене кӀелдӀашхула хьежар**

Да-нана кӀезиг а, лахара хеташ цаьршинга хьежар ду иза. Зубайран кӀанта Ӏурвата (Дала къинхетам бойла цаьршиннах) аьлла: **«Шен дега резавоцуш хьаьжнарг – иза дена дика хилла вац».**

- **Цаьршинна тӀехь куьйгалла дан гӀертар**

Шен нене нуй хьакха я бедарш йитта, я яахӀума кечъе аьлла омра дар ду иза. И саннарг мегар дац, къаьсттина, нана йоккха я цомгуш елахь. Амма нанас иза шен лаамца дича, иза тӀехйоккха я цомгуш а яцахь, иза хӀумма дац. Бакъду, доьзалхочунна тӀехь ду цунна баркалла алар, цунна доӀа дар а.

- **Нанас кечйина яахӀума вуон ю алар**

ХӀокху балхехь ларвала везаш ши хӀума ду, царах хьалхарниг – юучух цавашар ду. Иза мегаш дац. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цкъа а юучух цавешаш хилла вац, шен даго тӀеоьцург юура цо, нагахь шена дика ца хетча, ца юуш Ӏара иза. ШолгӀаниг ду – шен ненаца гӀиллакхе цахилар, я цунна хӀума новкъадаийтар.

- **Цаьршинна цӀентӀехь гӀодар дитар**

Кхузахь башхалла яц и гӀодар чохь дӀалистарца я яахӀума кечъярца, я кхиболчу белхашкахь хиларх. Бакъду, цхьаболчу кӀенташна моьтту иза шен бакъо йохор, я шен стогалла эшор ду. Дала нисбойла уьш оцу тиларх! Иштта хуьлу цхьадолу зудабераш а, шайн наношна гӀо дар а дитина, шайн нийсархощца эрна хан йойуш.

- **Цаьршимма дечу къамелана реза цахилар**

Иза хуьлу, цаьршинга ла ца догIарца, я цаьршинан къамел хедорца, я и шиъ харцдарца, я цаьршинца къийсаваларца, я цаьршинца девнаш дахарца. Ма дукха ду-кх оцу тайпанчу балхехь де-ненан болх сийсазбар, ма дукха ду-кх цуьнгахь шен да-нана кIезиг хетар.

- **Дех-ненах дагавалар кIезиг хилар**

Цхьаболу нехан ца хуьлу шайн дех-ненах дагабийлар я цхьа хIума дололе цаьрга пурба дехар а. Башхалла яц, и пурба дехар зудаялоран я йитаран хьокъехь делахь, шен накъосташца цхьанхьа вахарца-варца делахь а, я и санна долчу кхечу хIуманашца делахь а.

- **Да-нана долчу цIа чу воьдуш пурба дехар дитар**

Иза ду цаьршинца лело деза гIиллакх дитар, хIунда аьлча цаьршиннах муьлхха а хила тарло ша гича юьхьIаьржа хIотта тарлучу хьолехь.

- **Шен лазамаш цаьршинга балхабар**

Башхалла яц, уьш шен вежарщца, я хIусамненаца, я доьзалца белахь а, я кхечарца белахь а. Амма цхьаволчу стагана шен йиша-вешех яьлла ледарло шен дега-нене бен йийца тарлуш ца хуьлу. Шеко яц, оцу балхо цаьршинга сагатдойтуш, цаьршинан синтем бойуш хилар.

- **Дена, нанна лер, нахана хьалха я цаьршинна хьалха цу шинан сакхталлаш йийцар**

Цхьадолу адам шен болх галбаьлча, я, масала, дешарехь шен ког шершича, дена-нанна Iиттарш ян долало. Цо шен дегIана бехказлонаш лоьху шен да-нана бехкедарца: **«Сан дас-нанас тергал ца веш вити со, я цаьршимма кхио ма-везза ца кхиий со, я цаьршимма дахар галдаьккхи сан».**

- **Дена-нанна сардамаш бехар я цаьршинна неIалт кхайкхадар**

Кхузахь а башхалла яц, цаьршинна юьхь-дуьхьал цо сардам боьллинехь я и сардам болла кхечунна бахьана хIоттийнехь. Масала, кIанта цхьана стеган дена я нанна сардам буллу, тIаккха вукхо хIокхуьнан дена я нанна сардам буллу. Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Даккхийчу къинойх ду стага шен дена-нанна сардамаш бохкар».** Цара хьаьттира: **«Стага шен дена, нанна сардамаш бухкур бу ткъа?!»** Цо жоп делира: **«ХIаъ! Масала, и луьй цхьана стеган дена, тIаккха и стаг цуьнан дена а луьй. Я иза луьй оцу стеган нанна, тIаккха и стаг цуьнан нанна а луьй».** *Бухари, Муслим.*

- **Стагана зен деш йолу хIуманаш хIусам чу яр**

Уьш ю и стаг талхош, я цунна а, цуьнан вежаршна юккъе цим тосуш йолу ловзош йолу хIуманаш, тIаккха церан девнаш гича, ден-ненан дог а этIаш.

- **Дена-нанна хьалха вуон хIуманаш лелор**

Иза ду стага цаьршинна хьалха цигаьрка озар, я шиъ долчохь эрна хIуманех ловзар, я фарз ламазан хенахь вижина Iар, я цаьршимма ша самаваккха хьовзийча а ца гIаттар, я хIусаме вуон накъостий балор, кхин оцу могIарера дика доцу хIуманаш. Оцу дерригено гойту, ишттачу доьзалхочунна дех-ненах иэхьхеташ цахилар.

- **Сий дайарца да-нана гIарадаккхар**

И саннарг хуьлу стага вуон белхаш лелийча, шегара сийсаза хIуманаш дийлийтича. Ишттачохь цуьнан сий дов, я иза стаг воцчу волу. Оцу белхаша и стаг набахти чу вуьгуш нисло, я нахана хьалха юьхьIаьржа хIоттаво иза. Цхьа а шеко яц, и санна долчара дена-нанна вуон хилар гучудоккхуш хиларх, хIунда аьлча дега-нене сагатдайтар, и шиъ гIайгIане дар, цаьршинан сийдайар, цаьршинна тIе иэхь даийтар а оцу белхашца долу дела.

- **Цаьршинна гатто яр**

И саннарг хуьлу стага шен дIадала ницкъ ца кхочу декхарш тIелеторца, я доцург дуьйцуш леларца, я ишколехь цо вуон гIиллакх гайтарца, тIаккха цунах долу жоьпалла дена-нанна тIе а дужуш, доьзалхочунна гIиллакх ца Iамийна бохуш цаьршинна наха Iиттарш а еш.

- **Ша цхьанхьа ваханчохь дукха Iар**

Оцу кепара леларо дега-нене доьзалхочунна сагатдойту. Цул сов, баккхийчарна чохь накъост веза тарло шаьшшиннан гIуллакхе хьажа. Цундела доьзалхо цIа ван хьеваларо цаьршинан гIуллакх кIелдита герга ду.

- **Цаьршинга дукха дехарш дарца цаьршинна хIума даздар**

Дена-нанна хIума даздийраш, дега-нене дехарш дукха деш берш а нисло, церан и кхочушдан аьтто бацахь. Шена машен эца я зуда ялае, я керла хIусам йогIа шена бохуш, я шортта даьхни ло шена, шен накъостийн а, нийсархойн а хьоле терра, бохуш, тIевоьрзу ишттаниг.

- **Дел-ненал шен хIусамнана сов езар**

Цхьаболчу наха хIусамнанна муьтIахь хилар хьалхадоккху дена-нанна муьтIахь хиларал а. Хийла стаг ву, шен хIусамнанас да-нана арадаккха аьлча, и кхочушдийр долуш, цаьршиннан даха меттиг яцахь а. Цхьаболчу кIенташа шена зуда дел-ненал дукхаезар гойту цаьршинна хьалхха, шена и шиъ

совдалар гучу а доккхуш. Ишттачо кхочуш ца до дена-нанна хьалха долу шен декхарш. Цунах лаьцна лахахь дуьйцур ду вай.

- **И шиъ дIатасар цаьршинна гIо оьшучу хенахь, я и шиъ къанделча**

Цхьаволчу стага ша кхиа а кхиъна, шена болх нисбелча, да-нана дIатосу, шен дегIан бен ойла а ца еш.

- **Цаьршинах дIацIанвалар, нахана юккъехь и шиъ хьахо иэхьхетар, ша цаьршинан ву ала цалаар**

ХIара ду-кх уггар чIогIа дена-нанна вуон хилар гучудаккхар. Цхьаволу стаг нахана юккъехь шен хьал тоделча, ша лаккхарчу балха вахча, шен дена-нанна инкарлонаш ян волало, цунна иэхьхета шен кертахь и шиъ гайта. Цхьаволчу стагана ца лаьа шен ден я ненан цIе яккха ша цхьана тойнехь я нахана юккъехь нисвелча, и шиъ шен ду ала иэхьхеташ, и санна дерг билггалдолу делил ду оцу стеган са аьрха хилар, хьекъал кIезиг хилар, и стаг догъIаьржа а, сутара хиларна.

- **Дена-нанна тохар**

И саннарг дийр дац шайн дегнаш дакъаделлачара а, шайн дегнаш чуьра иэхьхетар а, къинхетам а дIабаьллачара а бен. Ишттачу доьзалхойн синош даьсса ду къонахаллех, сийлаллех, оьздангаллех а.

- **Да-нана баккхийчу нехан хIусаме** (дом престарелых) **дIададалар**

Оцу тайпанчу гIиллакхдацаро бIаьрла схьагойту цу стеган ямартло, оьздавацар, цуьнгара адамалла дIаялар. Иштта болх хьахош хезча оьздачу стеган дегI дегадо, цунна тIера массо чо ирахIуьтту. И саннарг лелош волчуьнгахь цкъа а дика хир дац.

- **Цаьршинца изгIар, царна муьтIахь цахилар, и шиъ Iесадаьлча цаьршинна гIиллакхехь хьехар ца дар**

И ду доьзалхочуьнгахь хьекъал цахилар, я иза ша кIеззиг стаг хилар, хIунда аьлча стаг шен дега-нене хьажар важиб ду, и шиъ керста делахь а, ткъа уьш бусалба хиларо кхин а чIогIа чIагIдо цаьршинан декхарш.

- **Цаьршинна оьшург кхоаяр, цунна тIехь бIаьрмециг валар**

Шайн дена-нанна оьшург кхоош берш, цаьршинна даьхни дохкарехь бIаьрмециг бовлурш а нисло. Ишттачара цаьршиннан могашаллина я кхечунна харж ца йо.

- **Шен дена-нанна ша дина дика тIехдеттар, цу тIехь цаьршинна Iиттарш яр**

Нахана юккъехь шен деца-ненаца дика волуш верг хуьлу, амма цо шен дика хилар дохадо ша йина харж, ша цаьршинан гIуллакхе хьажар а царна тIехдетташ, халахетарш деш, динарг хьехош.

- **Дена-нанна къола дар**

И бахьанехь доьзалхочунна ши къа хуьлу: дена-нанна вуон хилар, хIума лачкъаяр а. Цхьаволчу стага шена даьхни эшча, къоладо шен дена-нанна, и шиъ доккха хилар, я тIе ца кхуьуш хилар бахьанехь. Дена-нанна къола дарна юкъадогIу цаьршингара юхалург хIума яккхар, ша иза юха дIаяла дагахь воцуш.

- **Шен дена-нанна хьалха леткъамаш бар, цаьршинга шен лазамаш бийцар**

ХIара саннарг дена-нанна вуон хиларехь уггар чIогIачу мекарлонех ду, хIунда аьлча дас-нанас доьзалхочун лазамна сагатдо, къаьсттина ненан сагатдар алсам хуьлу цу тIехь. Нанас сагатдар совдала тарло доьзалхочун лазамал а.

- **Ден-ненан пурба доцуш, я шен ваха бахьана доцуш, кхечу махка кхелхина вахар**

Цхьаволчу стагана ца хаало ша гена валаро дена-нанна юьтуш йолу лар. Иза кхечу пачхьалкхе я махка воьду цаьршиннан пурба а доцуш, я цига вахар шена оьшуш доцуш. Наггахь цхьа а бахьана доцуш, шен да-нана дехачу махках волу иза, наггахь - дешарх бахьана дина воьду иза, и дешар ша вехачу махкахь Iамо йиш йолушшехь. Кхин бахьанаш а карадо каро луучунна. Цунна ца хаьа, шен дена-нанна ша генаваларо и шиъ гIайгIане деш хилар, цаьршимма сагатдеш хилар. Цунна хIун хаьа, ша генахь волуш и шиъ я цаьршиннах цхьаъ лийр ду я дац, тIаккха оцу балхо дена-нанна дика хилар, цаьршинан доладар а эшадеш. Бакъду, кIентан цIеравала гIуллакх хилча, цо шен дега-нене пурба дехча, цара иза делча, тIаккха-м къа дац цунна.

- **И шиъ даларе сатийсар**

Цхьаболу доьзал шайн да-нана делла дIадаларе сатуьйсуш хуьлу, къаьсттина, и шиъ доккха я цомгуш, я миска хилча, я цаьршинга хьажар (доладар) шайна кIордийча.

- **И шиъ дер я цаьршиннах хьалхавалар**

Баккъалла а, стаг дакъазаволу шен дех-ненах цхьаъ вен а вуьй. Кхетам боцуш, я ша оьгIазвахча, я ша малар мелча, я ирс эцаре догдохуш, я кхечу бахьанашца до хир ду иза. Ма вуон хIума ду-кха иза, ма юьхьIаьржа хоьтти-

кха иза, воьрзу меттиг ма вуон ю-кх цуьнан, ма ирча тӀаьхье хили-кх цуьнан белхан, Дала цунах Шен къинхетам ца бахь.

ХӀорш ду-кх дена-нанна вуон хилар гучудоккхуш долу стеган аматаш. Ма вуон белхаш, ирча хӀуманаш ду-кх уьш, хьекъале волчо, Делах кхоьручо, я дикачу наха лелор доцуш. Ма гена ду-кх дена-нанна вуон хиллачунна дика дерг, ма герга ду-кх цунна Ӏазап, ма сиха ду-кх цаьршинна воун хилча цунна тӀедогӀу зен. Цаьршинна вуон хиларо стаг сийсазвар, дакъазаваккхар, цуьнан Ӏазап гергахилар хууш а и шайна тӀехь лайна бу дуккха нах, цунна дало барам боцуш дукха масалш а ду.

**3. Дена-нанна вуон хиларан бахьанаш**

Дена-нанна доьзалхо вуон хиларан дуккха бахьанаш ду, уьш дагардийр ду вай:

- **Шен декхарш цахаар**

ХӀума цахаар – стаг вуьйш йолу цамгар ю, шен декхарш ца девзарг шен дегӀан мостагӀ ву. Стагана ша дена-нанна вуон хиларо дуьненахь а, эхартахь деш долу зен ца хиъча, я цаьршинна дика хиларо дуьненахь а, эхартахь а беш болу пайда а ца хиъча, и шиъ ший а ца довзаро стаг шен дена-нанна вуон хиларе вуьгу, цаьршинца дика хиларх дӀахьовзаво.

- **Бераш вуон Ӏамор**

Дас-нанас шен доьзалхо Дела везарна, Цунах кхерарна, дена-нанна дика хиларна, гергарло лелорна тӀехь Ӏамо ма-веззара ца Ӏамийча, и доьзалхо кхуьу, шегахь уьш цхьа а доцуш.

- **Ша дӀахьоьхург ша ца лелор**

Иза ду – дас-нанас нийса дерг дӀахьехар, амма шаьш хьоьхучунна бӀостанехьа дерг лелор; и санначо доьзалхо вуьгу талхаре, дена-нанна вуон хиларе.

- **Дас-нанас доьзалхочунна вуон накъосталла дар**

Иза ду, бераш талхош, уьш дена-нанна дуьхьалбохуш долу бахьана, оцу доьзалхочо тӀаккха цаьршинан бакъо ца ларъеш. Оцу балхо да-нана дакъазадоккху, цаьршимма шайн доьзал кхиорехь хьоьгу къа а гӀелдо.

- **Да-нана шаьшшинан дена-нанна вуон хилар**

Дена-нанна вуон хилар доьзалхочунна хьоьхучу бахьанех цхьаъ ду хӀара. Да-нана шаьшшинан дена-нанна вуон хилча, Дала цаьршинна дукхахьолахь бекхам бо, церан доьзал цаьршинна дуьхьалбаккхарца. Иза хуьлу шина кепара:

1) Доьзало масал оьцу дех-ненах, и шиъ шаьшшинчуьнга хьажаре терра.
2) Дала бекхам бо лена, цуьнан Іамале хьаьжжина.

- **Дас шен зуда йитина, шаьшшиъ дІасакъаьсташ, Дала ма-хьеххара ца къастар**

Цхьадолу да-нана шаьшшина юккъехь дІасакъастар нисделча, Делах кхерар а доцуш къаьста, тІаккха цаьршинан къастар ца хуьлу хила ма-деззара. Цул тІаьхьа цаьршимма доьзалш къуьйсу. Бераш нана йолчу дахча, цо царна дегахь долу а, доцу а сакхташ дуьйцу, цунах церан безам баккха гІерташ. Иштта уьш да волчу дахча, нанас дийцинчух терраниг дуьйцу цо а. Оцу кепара хІума лелийча, оцу берийн безам болу дех-ненах шиннех, цунна бехкениг (бахьана даьккхинарг) да-нана долуш.

- **Доьзалхошна юккъехь къестамаш бар**

Оцу балхо берашна юккъе хьагІ а, оьгІазло а тосу, тІаккха уьш вовшашна беза а ца безаш. И санна долчух бахьана хуьлу бераш дена-нанна оьгІаздахарна, уьш царах дІакъастарна а.

- **ПаргІато, садаІар харжар**

Цхьаболу кІентий шайн дай-наной баккхий я цомгуш хилча, цаьршиннах паргІатвалар лууш хуьлу, уьш къанбеллачу нехан хІусаме дІа а белла. Уьш садаІа боьлху олий кхечу хІусаме дІабоьлху, шайн да-нана а дуьтий, царна ца хаьа баккъалла йолу паргІато, дика долу садаІар дена-нанна уллохь дерг дуй, и шиъ доккха делахь а.

- **Шен хІусамехь бІаьрмециг хилар**

Цхьаболу кІентий бІаьрмециг хуьлу шайн хІусамехь, цара ца магадо цхьанне а шайн хІусамехь гІалатвалар. Масала, цхьаммо ца хууш куьзга дохийча, я мебель галъяьккхича, чІогІа оьгІазбоьлху уьш, шен чохь мел ерг тІекІел а тухуш. И санна долчо де-ненан дегнаш дохадо, цаьршинан сий а дойъу.

- **Дас-нанас шаьшшинан доьзалхочунна дика хиларна тІехь гІо ца дар**

Цхьадолчу дас-нанас гІо ца до доьзалхочунна дика хиларна тІехь, цаьршимма иза сутара а, яхье а ца воккху дика болх барехь. Де-ненан декхар доккха ду, муьлххачу хьолехь важиб а долуш. Амма берашна дега-ненера гІо, доІа а, дикачу балха тІехь уьш карзахбахар а ца карийча, уьш херабовлу, дена-нанна дика хилар дуьту цара, я ледарабовлу уьш оцу тІехь.

- **ХІусамненан гІиллакх вуон хилар**

Адам зуьйш ду вуон гIиллакх долчу, Делах кхерар а, декхарш кхочушдар а доцуш йолчу хIусамненаца. И санна зуда хуьлу шен хIусамдена леггехь йисина хIума санна, стаг шен дега-нене хьажар ца лалуш. ТIаккха шен ден-нанна а муьтIахь волчуьра дIаволу стаг, я и шиъ кехдоккху цо, шен хIусамнана когхецна яха йитархьама.

- **Дега-нене кхаьчначунца кIезиг бала хилар**

Цхьадолчу берашна ца хаьа дегахь хуьлу хьал, цхьадолчу зудберашна ца хаьа ненан хьал. Иштта хьал хилча, дена-нанна вуон хилар ца дуьту доьзалхочо. Цунна цхьатерра хетало ша буса хьевалар, я цаьршинна генавалар, цуьнца доьзна халахетар дар а.

**Дарбадаран некъаш**

Вай дийци ден-ненан хьакъ доккха хиларх, цаьршинна муьтIахь хиларна тIе безам бохуьйтуш, цаьршинна вуон хиларх догйоккхуш дерг а. Иштта вай хьехий, дена-нанна вуон хилар гучудоккхуш дерг, цаьршинна вуон хиларна тIевуьгуш долчу бахьанех дерг. Дена-нанна хьалха вайн декхарш иштта деза хилча, вайн ницкъ кхочучу барамехь чIагIдала деза вай цаьршинна муьтIахь хиларехь, вай дуьхьало ян еза цаьршинца вуон хилар хьоьхучу хIуманашна. Цаьршинга хьаьжча Делера хирболчу меле са а туьйсуш, цаьршинна вуон хилча дуьненахь а, эхартахь а хирдолчу Iазапах кхера а кхоьруш хила веза доьзалхо.

**Дена-нанна дика хилар бохучун маьIна**

Дена-нанна дика хиларан маьIна – цаьршинна вуон хиларна бIостанехьа дерг ду. Ибн Манзура (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Дика хилар – иза вуон хиларна бIостанехьа дерг ду».** Цо аьлла: **«Дика стаг – иза дикачу къомах верг ву. Шен дена-нанна дика хилларг – иза дикачу къомах схьаваьлларг ву».** Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Дала, уьш дика нах бу аьлла, церан цIе яьккхина, уьш шайн дайшна а, доьзалшна а дика хилла дела».** Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) иштта аьлла: **«Хьан доьзалхо хьуна декхаре хиларе терра, хьо а ву хьайн доьзалхочунна декхарийлахь».**

**Деца-ненаца лардан деза гIиллакхаш**

Деца-ненаца лардан дезаш бусалба нахана тIедеххкина шортта декхарш ду. Уьш кхочушдан хьакъ ду вай вешан дахарехь цаьршинна хьалха. Вай уьш кхочушдан ма-дезза кхочушдича, цаьршинна хьокъехь Дала вайна

тӀедиллинарг кхочушдан тарло вай. И декхарш кхочушдича, АллахӀ вайна реза хир ву, Цо вайн дахар тодийр ду, вайн белхаш атта а бийр бу, вайна дахарехь беркат а деш, вайна тӀаьхьабогӀурш (вай дика хиларе терра) вайца дика а хулуьйтур бу. Деца-ненаца лардан деза гӀиллакхаш дуккха а ду, уьш дагардийр ду вай**:**

- **Цаьршинна муьтӀахь хилар, вуон хиларх ларвалар**

Бусалба стагана важиб ду дена-нанна муьтӀахь хилар, цаьршинна вуон хиларх ларвалар а. Дуьненан дахарехь цаьршинна муьтӀахь хилар хьалхадаккха дезаш ду кхечунна муьтӀахь хиларал а, нагахь цаьршимма Далла а, Цуьнан Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Ӏеса хила ца бахахь. Бакъду, хӀусамненан шен хӀусамдена хьалха долу декхар доккха ду, шен ден-ненан декхарал а.

- **Деца-ненаца дика хилар**

Дика хиларна юкъадогӀуш ду – шен дашехь, леларехь, кхин муьлххачу дика хилар догӀучу меттехь а дика хилар.

- **Цаьршинна хьаставалар**

Цо чулоцу доьзалхо деца-ненаца эсала хилар, цаьршинна там бан гӀерташ, цаьршинна хьалха охьатаьӀна а хилар.

- **Да-нана чехорах ларвалар**

Иза кхочушхуьлу хаза хабар дийцарций, кӀеда-мерза хиларций, Дала шена беллачу берриге ницкъаца цаьршинна довдарх, цаьршинна хьалха аз айбарх ларваларций а.

- **Цаьршинга ладогӀар**

Цо чулоцу и шиъ шега дистхуьлучу хенахь дӀаса ца хьежар, и шиъ шаьшшинан къамелах юкъах ца дахар, цаьршинца къийса ца валар, шен ницкъ ма-кхоччу цаьршинан къамел харцдарх а, и цаьршинна духадеттарх а ларвалар.

- **Цаьршимма хьайна цхьа болх тӀебиллича, хазахетар, цаьршинга *уффай* боху дош аларх ларвалар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь цаьршинга ма алалахь: «уффай!», чеха а ма делахь и шиъ».** *«Аль-Исраъ», 23.*

- **Цаьршинна велакъажар**

Иза ду-кх цаьршинна дуьхьалкхетча велавелла, векхавелла хилар, шен юьхь юсийна, хьажа юккъе шад хӀоттийна а ца хуьлуш.

- **Ша цаьршинна дукхавезийта хьажар**

Иза хуьлу, и шиъ гича цаьршинна Деле къинхетам бехарца, цаьршинан кортошна барт баларца, цаьршинна паргIат охьахаа меттиг яларца, цаьршиннал хьалха юучу хIуманна тIе куьйгаш ца кхийдадарца, дийнахь волавелла воьдуш цаьршинна хьалха ца лелхарца, буьйсанан боданашкахь некъ гуш бацахь, я кхераме делахь, хьалхаваларца а. Бакъду, некъ маьрша белахь, тIаьхьахIоьттина вахар гIиллакхе ду.

- **Цаьршинна хьалха оьзда охьахаар**

Иза ду шен дегI нисдина охьахаар, цаьршинна даг чу шаьшшиъ атта хетар ца эккхийтархьама. Масала, когаш дIахецна охьахаар, оьздавоцуш велавалар, гIиллакх доцуш Iиллар, шен дегI хьулдина цахилар, цаьршинна хьалха шеташ кхиссар, и санна оьздадоцу хIуманаш леладар – дена-нанна шаьш атта хета аьлла дагадайта тарлуш долу хIуманаш ду.

- **Ша деш долу дика шегара комаьршо ю ца моттийтар, и дика дар шен декхар дуй хаар**

Вуочу гIиллакхех ду – стагана ша бина дика болх шегара комаьршо ю моттар. И гIиллакх кхин а чIогIа эрчадолу, нагахь ша дина дика дена-нанна тIехтоьхнехь. Доьзалхочунна тIехь ду дена-нанна шен ницкъ кхочучу барамехь гIуллакх дар, шегара яллачу ледарлонна къера хилар, шен ницкъ ца кхаьчначунна тIехь Деле гечдар дехар, и шиъ къинтIера даккхар а.

- **Шен ден декхарал ненан декхар хьалха даккхар**

Вай терго ян еза, ненан декхар ден декхарал хьалха даккхарна тIехь, ненаца кIеда-мерза хиларехь, цуьнца дика хиларехь а. Иза билгалдо Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцинчу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисехь: «Цхьа стаг веара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу, цо хьаьттира: **«ХIай Делан Элча, ас нахах уггар чIогIа накъосталла дан дезарг мила ву?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп делира: **«Хьан нана ю».** Цо хьаьттира: **«ТIаккха мила ву?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп делира: **«Хьан нана ю».** Цо хьаьттира: **«ТIаккха мила ву?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп делира: **«Хьан нана ю».** Цо хьаьттира: **«ТIаккха мила ву?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жоп делира: **«Хьан да ву».** *Бухари, Муслим.*

ХIокху хьадисан шархь деш, Ибн БаттIала (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Кхузахь лууш дерг – ненан хьакъ ден хьокъал кхузза доккха хилар ду, цо бер кийрахь лелор, юха иза дуьнен чу долуш лазарш лар, цо**

**иза дакхор бахьанехь а. ХIара болх къаьсттина нанас хало хьоьгуш берг бу, цул тIаьхьа дас а дакъалоцу бер кхиорехь»**. Бусалба нехан олуш дош ду: **«Нана хьалхайоккху цуьнца дика, кIеда-мерза хиларехь; да хьалхавоккху цунна муьтIахь хиларехь, хIунда аьлча да ву кертахь коьрта верг, цуьнан хIусамнана а, доьзал а цо бохучунна тIехь хила беза».**

- **Массо а хIуманна тIехь цаьршинна гIо дар**

Там болуш дац, шен да-нана болх беш долуш, доьзалхо тIехIоьттина Iар; дена-нанна гIо дан деза, ша и дан тарлуш делахь, и шиъ паргIата дита деза.

- **Цаьршинна даг чу кхерам тасарх ларвалар**

Кхузахь башхалла яц, и шиъ дижина долуш, я сема долуш мохь хьакхарца кхерийча, я и шиъ гIайгIане деш долу хабарш дийцарца, я муьлхха кепара цаьршинна синтем дIабоккхуш долу хIума лелорца а.

- **Дена-нанна хьалха шен вежарщца я гергарчу нахаца девнаш ца дар**

  Оцу тIехь ларвала веза, шен дена-нанна хьалха шен йиша-вешица девнаш дарх, къийсаваларх а.

- **Цаьршимма шега кхайкхича, сихха жоп далар**

Оцу балхехь башхалла яц, и адам мукъа делахь а я дацахь а. Цхьаволчу стага ша мукъа воцчу хенахь шега дас-нанас кхайкхича, шена ца хеза моттуьйту, ткъа ша мукъа волуш, жоп ло цаьршинна. Доьзалхочун декхар ду ден-ненан кхайкхамна сихха жоп далар.

- **Шен доьзал шен дена-нанна муьтIахь хиларна тIехь Iамор**

И бохург ду, стага ша шен деца-ненаца дика хиларехь шен доьзална масал гайтар, шен ницкъ кхочучу барамехь шен берашна а, шен дена-нанна а юккъе уьйр тосуш.

- **Ден-ненан юкъаметтиг йоьхча, цаьршинна юккъехь барт бар**

Доьзалхочунна тIехь долчу декхарех доккханиг ду, цо шен ден-ненан барт боьхча, цаьршинна юккъехь маслаIат дар, цаьршинан барт бохаро шена новкъарло йой хаийтар.

- **Цаьршинан цIа чу ша воьдуш пурба даккхар**

Ма хийла меттиг хуьлу, и шиъ, я цаьршинах цхьаъ ша гича, иэхьхетар долчу хьолехь долуш.

- **Цаьршинна даима Дела дага ваийтар**

Иза ду цаьршинна динехь ца хуург хьехар, цаьршинга диканиг де алар, нагахь цаьршингахь Іесалла хааеллехь, вуониг дита алар. Бакъду, доьзалхочо ша олуш дерг кІеда-мерза, къинхетамца а ала деза, ткъа цаьршимма и къобал ца дахь, и шиъ кІорда ца деш собаре хила а веза.

- **Ша лелочунна тІехь цаьршинга пурба дехар, дагавалар**

  Кхузахь а башхалла яц, иза шен накъосташца араволуш велахь, я махках ваьлла цхьанхьа деша воьдуш велахь, я юьртара араволуш велахь а. Нагахь дас-нанас цунна пурба лахь, цо кхочушдийр ду ша юьхьарлаьцнарг, амма цаьршимма пурба ца лахь, цо дуьтур ду и гІуллакх. Къаьсттина, дена-нанна дика хууш, я цаьршинна хьалха тІеІоттаделла хІума и делахь, цаьршинга ладогІа деза.

- **Ден-ненан сий лардар**

Цунна юкъадогІу шена дика накъостий харжар, вуочу накъосташна генавалар а, шеко йолу меттигаш а, адамана тІе иэхь доуьйтуш йолу пхьоьханаш йитар а.

- **Цаьршинна Іиттарш ца яр, бехкаш ца бахкар а**

Доьзалхочо шен дегара-ненера ша резавоцу хІума даьлча, цаьршинна и тІех ца деттар, я цаьршимма шена ца дезарг дийцарх, цаьршинна бехкаш ца бахкар.

- **Ден-ненан аьтто бан гІертар, цаьршимма шега омра ца динехь а**

  Иза ду, шел кегий я гІийла болчу шен вежаршка я йижаршка хьажар, я цаьршинан гергарчаьрца уьйр латтор, я кертахь цаьршинна аьтто бан гІертар, я цаьршинна совгІат дар, я цаьршинна беш лелорехь гІо дар я муьлххачу балхехь цаьршинан самукъа даккхар.

- **Цаьршинан амале хьаьжжина, цаьршинца юкъаметтиг лелор**

Цаьршиннах цхьаъ шен къамелехь оьгІазе я вон амал йолуш хила тарло, ишттачохь цуьнан амалца йогІуш йолу юкъаметтиг лелор ю, цунна оьгІаз а ца оьхуш, я шена новкъарло хилар дІа а ца хоуьйтуш.

- **Цаьршинна дуккха гечдар дехар а, доІа дар а**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «Сан Дела, цаьршиннах къинхетам бехьа, жима волуш цаьршимма къинхетам беш, со кхиорах терра».** *«Аль-Исраъ», 23.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Сан Дела! Ахь гечдехьа суна а, сан дена-нанна а, Хьоьга ийман а диллина сан хІусаме веанчунна а, Хьоьга**

**ийман диллинчу божаршна а, ийман диллинчу зударшна а, зуламхой сов ма бахахь хIаллакбарехь бен».** *«Нухь», 28.*

- **И шиъ деллачул тIаьхьа цаьршинна дика хилар**

Стагана ден-ненан декхар доккха дуй, Делан комаьршо, Цуьнан къинхетам боккха буй хоуьйтург – дена-нанна дика хилар и шиъ деллачул тIаьхьа а дIахедаш цахилар ду. Цхьаволчу стага шен ден-ненан декхарш кхочушдарехь ледарло йо и шиъ дийна долуш, амма и шиъ дIадаьллачул тIаьхьа шен куьйгах цергаш туьйсу цо, ша йинчу ледарлонна дохко а волий. Цо догдоху и шиъ дуьнен чу духадерзаре, тIаккха ша цаьршинан хьокъехь битина кхачамбацарш метта а хIиттош, цаьршинан гIуллакхе кхоччуш хьожур вара аьлла. И санна дог-ойла йолчу бусалба стеган Дала аьтто бина шен дисина декхарш кхочушдарехь, вай лахахь багарбийр болу белхаш цо кхочуш бича:
1) Цо шен Делаца йолу юкъаметтиг дика хилийтар.
2) Цо дена-нанна дуккха гечдар дехар, доIа дар а.
3) Цаьршимма лелош хилла гергарло дIакхехьар.
4) Цаьршимма йина чIагIо кхочушъяр.
5) Цаьршинна тIера сагIина хIума ялар.

ХIорш бу-кх, деца-ненаца хила еза юкъаметтиг вайна гойтуш болу цхьаболу белхаш.

## Дена-нанна дика хиларехь билгалбина белхаш

Дена-нанна дика хилар Веза-Сийлахьчу Делера ниIмат ду, Дала Шен лех Шена луучунна луш долу. Дена-нанна дика хиларна тIехь адамана гIо деш белхаш бу, цо уьш кхочушбича. Царах бу:

- **Делера шена гIо лахар**

Иза ду, стаг шен Далла муьтIахь хилар, Цунна Iибадат дарехь, Цуьнга дехарехь, Цо тIедиллинарг кхочушдарехь а. ТIаккха Дала цуьнан аьтто бийр бу ден-ненан декхарш кхочушдарехь.

- **Дена-нанна дика хиларца хир болчу меле сатийсар**

Баккъалла а, дена-нанна дика хиларехь болу мела бовзар, цуьнан тIаьхьало дика хилар дагахьлаттор – доьзалхочун цаьршинна хьалха долу декхарш кхочушдар, цаьршинна муьтIахь хилар а хьоьхуш долчу уггар а коьрта долчу бахьанех ду. Цунах терра хьажа веза дена-нанна вуон хиларан тIаьхьалоне, цунах хуьлучу гIайгIане, балане, сингаттаме, дохковаларе. И вай дийцинарш дерриг а гIо деш ду дена-нанна дика хиларна тIехь, царна вуон хиларх вухаваккхарна тIехь а.

- **Адамана да-нана деза хилар хаийтар**

Да-нана ду доьзалхо дуьнен чу валаран бахьана, даггара и веза а везаш кхиорна тIехь къахьегнарш а, иза воккхахиллалц цуьнан доладинарг а. Цундела стага шен ден-ненан декхар кхочушдарехь мел чIогIа къахьегарх, дан ма-дезза цуьнга иза кхочушдалур дац. И болх дагахьлатторо вуьгу шен дена-нанна дика хиларе.

- **Шен дегIана дена-нанна дика хилар марздар**

Адамо шен дегIана марздан деза шен дена-нанна дика хилар, цо шен дегIана тIедилла деза цаьршинан декхарш кхочушдар, цо шен дегIан лаамашна дуьхьал къийсам латто беза, дена-нанна дика хиларан гIиллакх шен даг чу дижжалц.

- **Да-нана вовшех къаьсташ, Делах кхерарна тIехь къастар**

Дена-нанна тIехь декхар ду, шаьшшинан рицкъанаш цхьана а ца хилла къаста дезахь, цаьршиннах хIорамма а, вовшашна дика хила аьлла, берашка весет дар. Цаьршинна мегар дац доьзал вовшашна дуьхьал баккхар. Дас доьзалхочунна весет дийр ду, ненаца дика хила аьлла; нанас весет дийр ду, дена муьтIахь хила аьлла. Дена я нанна муьтIахь цахиларо доьзал галбаккха тарло, тIаккха цаьршинан дахар ирсе ца хуьлуш.

- **Дай дика хилар**

Дай дика хилар бахьана долуш, кIентий дика хуьлу, тIаккха оцу кIенташа шайн ден-ненан декхарш кхочуш а до.

- **Дена-нанна дика хила бохуш, вовшашка весеташ дар**

Иза ду дена-нанна дика хиларехь бусалба нах вовшашца яхье бахар а, вовшашна хьехам бар а, ден-нанна хьалха долу декхар кхочушдаран дозалла дийцар а, цаьршинца вуон хиларан тIаьхье къаьхьа хилар довзийтар а.

- **Дика хиларна тIехь доьзалхошна гIо дар**

Иза ду, дайша шайн доьзал ийманехь кхиор, царна диканца доIа дар, оьшучохь доьзалхочунна накъосталла дар а. Хьуна ца го, кIезиг йолчу ханна а цхьаболу дай шайн берех я берийн берех ца бовлалуш. Цара шайн мел болу ницкъ тIебохуьйту уьш безарна, церан гIуллакхе хьажарна а, церан самукъа а долу оцунах. Дала аьтто бинчул тIаьхьа, бераш дена-нанна дика хиларе кхойкхуш долчу уггар а даккхийчу бахьанех – дас шен доьзална уьш шена дика хиларна тIехь дина гIо ду. И гIо дар цунна шен бераш дезарца, цо царна доIа дукха дарца, царна пусар дан Iаморца, цара дика хIума дича уьш

хастабарца, церан самукъадаккхарца а, царна дукхаезачу цIершца цаьрга кхайкхарца а хуьлу.

- **Доьзалхочо шен ден-ненан метта ша хIоттавар**

Хьуна хазахетар дуй, хIай кIант, кхана хьой къанвелча, хьой букар вахча, хьайн корта къежбелча, хьайн дегI аьлларг ца дан доьлча, хьайн бераш хьайга вуон хьаьвсича, цара хьо тергал ца веш витча?!

- **Дена-нанна дика а, вуон а хиларх лаьцна жайнаш дешар**

Дена-нанна дика хиларх лаьцна жайнаш дешаро стеган дог-ойла чIагIйо, цаьршинна дика хиларна тIехь цунна хьуьнар а ло. Дена-нанна вуон хиларх лаьцна жайнаш дешаро, вуон хиллачаьрга кхаьчнарг довзаро а дена-нанна вуон хиларх генавоккху, ишттачу балхах дог а йоккху, дена-нанна дика хиларе кхойкху, цунна тIе безам а бохуьйту.

- **Цаьршинан самукъадалар – цаьршинца дика хиларца, ткъа и шиъ гIайгIане хилар – цаьршинца вуон хиларца дуй хаар**

ХIара болх бовзаро стаг ларво дена-нанна халахетар дарх, цо иза сутара во цаьршинан самукъадаккхарна тIехь.

**КIентан а, ден-ненан а, несан а юкъаметтиг**

Кху юкъадогIу, деца-ненаца лело важиб долуш, шена тIе тидам бахийта безаш долу гIиллакхаш. Цо чулоцу дена-нанна дика хиларехь билгалбина белхаш, царах цхьаберш вай хьалха бийца а бийцина. Баккъалла а, стаг даима а къийсам латтош хуьлу шен дена-нанна а, зудчунна а юкъахь барт бан гIерташ, хIунда аьлча шен дена-нанна, зудчунна а юкъахь барт бацаро зуьйш ву иза. Цхьаволчун зуда хуьлу Делах кIезиг кхоьруш, хьалха вай ма-дийццара – шен майра воцчуьнца бала а боцуш. Наггахь цуьнан да-нана я цаьршиннах цхьаъ хуьлу хала амал йолуш, шаьшшинна нахах цхьа а реза хир воцуш. Хийла дас-нанас кIант иракарахIиттаво зуда йита бохуш, иза йита цуьнгара даьлла бахьана а доцуш. Цаьршинна дагатосуш хила тарло, и зуда церан кIантана тIехь шена хет-хеттарг лелош ю аьлла, тIаккха кIантана иза бакъ а хеташ. Ткъа хIун дан деза те хIокху хьолехь? Стаг шен ши куьг дихкина долуш санна Iан веза те, шен чохь долчунна юкъа а ца гIерташ? Я шен дена-нанна вуон хила веза те иза, цаьршинан гIуллакхе ца хьожуш, тIаккха иза цаьршинна вуон хилар бахьанехь цаьршинан даг тIера а вужуш (шен зуда шена резаян а гIоьртина)? Я шен зудчуьнца галвала веза те иза, шен дас-нанас бохучунна муьтIахь а хилла – и зуда бакъ а йолуш, шен да-нана харцлуьйш делахь а? ХIан-хIа, иштта бац и болх, стагана тIехь ду шен ницкъ кхочучу барамехь шен ден-ненан, шен хIусамненан юкъаметтиг тоян гIортар,

царна юккъе еана херо дӀаяккхар. Баккъалла а, адамехь доьналла хилар гучудолу, оцу адаман нийсо ян ницкъ кхачарехь. Ишттачохь гучудолу стеган хьекъал, цо (харцо а, ницкъ а ца беш) царах хӀоранна хьалха долу шен декхарш кхочушдарехь.

ШариӀат массо а балха тӀехь нийса хьукма деш, цакхетам дӀабоккхуш деана ду. Хьекъал долчу стеган ницкъ кхочу (Дала шен аьтто бинчул тӀаьхьа) хӀоранна хьалха долу шен декхар кхочушдан, нагахь цо Делан шарӀаца хьукма дахь. Дуккхах долчу адмашна юккъехь нислуш долу ирча хӀуманаш, стеган доьзалехь дуьйлуш долу девнаш хуьлу цара шайн дахарехь шариӀатан низам ца лелор бахьанехь. Стаг шен деца-ненаца, зудчуьнца, церан барт ца хиларехь тӀеӀиттаелла йолчу халонех хьалхавала веза, шен ницкъ кхочучу барамехь хӀоранна хьалха долу шен декхарш кхочушдарца.

Лахахь даладо вай (оцу балха тӀехь гӀо дийр долу) хьекъале хьехарш. ХӀара мехала хьехам бу зуда ялийначу кӀантана, цуьнан зудчунна а, кӀентан дена-нанна а, къаьстина кӀентан нанна.

## Зуда ялийначу кӀентан декхар

Шен дена-нанна, зудчунна юккъехь барт барехь зуда ялийначу кӀантана гӀо дийр ду вай лахахь дагардечо:

- **Де-ненан гӀуллакхе хьажар, цаьршинан амалх кхетар**

Ӏаламат мехала ду, стага ша зуда ялийча да-нана тергалдар, цаьршинна хьалха шен зуда ца хестор, къаьсттина шен да-нана хала амал йолуш я дегабааме делахь. КӀанта шен зуда дена-нанна хьалха хастийча, цаьршинна (къаьстина, нанна) и ца лало. КӀантана тӀехь ду, ша зуда ялийначул тӀаьхьа а шена да-нана дезий хаийтар, кхин а чӀогӀа и шиъ резадан гӀортар а.

- **ХӀусамненаца нийсо яр**

ХӀусамненаца нийсо яр ду, цунна хьалха долу шен декхарш кхочушдан дезий хаар, цуьнан дахар ирсе дан хьажар, дас-нанас шега цунах лаьцна мел дуьйцучу вуочуьнга (шена иза билггала хууш дацахь) ла ца дегӀар. Бакъду, цуьнца йолу ойла тоян еза цо, шен дош лардан а деза.

- **Шен да-нана а, хӀусамнана а вовшийн дезийта хьажар**

Иза ду, стага шен хӀусамнене шен дена-нанна дика хила, цаьршинна, къаьсттина, нанна, совгӀаташ де аьлла весет дар. Бакъду, стага ша и совгӀаташ эцча, тӀаккха шен дена-нанна уьш зудчуьнга дӀадалийтича, оцу балхо ден-ненан дегнаш кӀаддо, несо шайн лерам бар гучу а долу цаьршинна,

цунна тIе цаьршинан безам а боьду, цуьнца кхоллаелла йолу вуон ойла дIа а йолу.

- **Шен хIусамнана кхетор**

Шен хIусамнана кхетор бохучу дашо юкъалоцу, масала, стага алар: **«Сан да-нана сох къаста йиш йоцуш, со цаьршинах къаста йиш йоцуш, ду. Суна цаьршинах лаьцна мел чIогIа хIума хаадаларх, цаьршинца вуон хила бакъо яц сан. Ас цхьана а тайпана и шиъ сийсазадеш долу хIума къобалдийр дац. Хьоьга болу сан безам и шиъ ахь лараре терра, хьо цаьрга хьажаре терра алсамбер бу».** ХIусамнанна дагадайита деза, цхьа хан яьлча цунах шех а марнана хир юй, тIаккха шен несо шеца лело луур долу гIиллакх ша шен марненаца лело дезий а. Иштта цо цунна дагадайита деза, (цаьршинан амал хала елахь а) и карзахйийларо царна юккъехь оьгIазло чIагIъяр бен, пайда ца бар, кIеда-мерза хиларо муьлхха а болх хазбеш хилар, шога хиларо болх эрчабоккхуш хилар а.

## Кертахь йолчу несан декхар

Баккъалла а, несан карахь доккха дакъа ду ша марехь йолчу кертахь. Цуьнан ницкъ кхочу шен хIусамдена ша езийта а, цуьнан гергара нах лара а, стаг шен дена-нанна муьтIахь хиларехь соваккха а. И дерриг цо кхочушдарца сий хуьлу цуьнан а, цуьнан хIусамден а. Шен хIусамден сийдарца, зудчо сийдо шен а, шен доьзалан а. Иштта цуьнан ницкъ кхочу шен хIусамдеца уьйр лаца, ша ехачу кертахь питанаш ца даржийта а. Стеган шен дена-нанна хьалха долу декхар шен хIусамнанна хьалха долчу декхарал доккха ду. Бусалба нехан юкъараллехь йолу уьйр чIагIъярхьама, шарIо цуьнга омра дина гергарло ларде, шен ден доттагIчун доьзал а ларбе аьлла. Ткъа хIусамнене шарIо омра дина, шен хIусамден гергара нах ларбе аьлла. Кхочушдарехь иза кхин а чIогIа мехала ду, шен хIусамдеца йолу уьйр чIагIъян цо аьтто беш хиларна.

Баккъалла а, несо, шен да-нана санна, доккха долу шен марда, марнана ларар – бусалба динан гIиллакх ду, и гIиллакх лелош йолу нус сийдолуш, Далла гергахь еза хилар а хоуьйтуш. Цо цаьршинца хаза гIиллакх лелийча хуьлуш дерг – шен хIусамда резавар, я гергарчу нахана ша дукхаезийтар бен дацахь а, зудчун дахар ирсе деш долу доккха беркат ду-кх иза.

Зудчунна хаа деза, ша шен хIусамда цуьнан ненах хераваккха гIертар сийсаза хIума дуй, хIунда аьлча оцу нанас шен кийрахь исс баттахь лелийна шен кIант, цул тIаьхьа лазарш лайна цо иза дуьнен чу волуш, тIаккха и кхобуш къахьегна цо; шен кIант вакха а вина цо, и бахьанехь буса хийла наб ца еш хан яьккхина цо.

Иштта хьуна хаа деза, хIай нус, хьан марнана хьан берийн денана хилар, цуьнан сийдарца бен хьан берийн сий хирг ца хилар, сийдоцчу бераша шайн нанна хьалха долу шайн декхарш кхочушдийриг цахилар. Цундела хьо хьажа цуьнга, хIай нус, хьо хьайн нене хьожур йолуш санна; цуьнан амал хала елахь, собаре хила хьо, хьайн ненаца собаре хьой хирйолуш санна. Адамийн доьзалшкахь Исламан гIиллакх даьржича, хIора стага шен декхарш кхочушдича, доьзал хуьлу ирсе а, бертахь а.

Хьуна хаийла, хIай нус, хьан хIусамдена хьан гергарчу нахал шен гергара нах дукхабезар буй. Ахь бехкаш ма бахка цунна оцу тIехь. Иштта хьуна а, хьайн гергара нах дукхабеза цуьнан гергарчарал а, делахь хьо ларлойла царна и хаийтарх, я и бахьанех царна халахетар дарх, хIунда аьлча оцу балхо хьох херабохур бу уьш.

Хьуна хаийла, несо шен марзхойн сий ца дар хIусамда ца ларар дуй, ткъа шен зудчо сий дайинчу стеган нахана юккъехь сий ца хулий а, тIаккха и сийдацар церан доьзалх хьаьрчий а.

Баккъалла а, шен да-нана дукхадезаш волу стаг лераме, Далла гергахь сийдолуш а ву. Иштта стаг хуьлу шен доьзал а, хIусамнана а, бусалба нах а дукхабезаш. Оцу стагах йоккхаен еза цуьнан хIусамнана, цо гайта деза цунна ша и ларар.

Хьайн хIусамда шен деца-ненаца вуон хиларна хьой реза елахь, ахь ойлае, хIай нус, хьайн вешин зуда иштта хилча муха хетара дара аьлла. Ткъа хьо реза хир ярий, хьан дегIан ницкъ эшча, я корта къежбеллачу хенахь хьан несарша хьан кIентий хьуна вуон хиларе титтича. Баккъалла, Дала чIогIа аьтто бина зудчун шен хIусамдена гIо дарехь, дена-нанна дика хиларехь. Оцу тIехь несо шен хаза гIиллакх гайтича, шена и шиъ дезар хаийтича, цаьршинан дегнаш кIадлур ду, тIаккха цаьршинна иза дукхаезар ю, шаьшшинан йоI йолуш санна. Дала аьтто барций, нус сийдолуш хиларций бен хир дац иза.  Оцу тIехь собаре хила гIо дийр ду шена хир болчу меле сатийсаро, вуон хиларан тIаьхье къаьхьа юй хааро. Цундела, хIай нус, ахь ледарло ма е цаьршинна совгIат дарехь, цаьршинан къамеле ладогIарехь, цаьршинга хьал-де хаттарехь а.

Иштта ахь весет де хьайн хIусамдега, цаьршинца дика хила алий. Хьуна дага ма да, цаьршинца иза дика хиларо, хьан терго ян хан ца юьту алий. Ахь деха хьайн Деле, хIай нус, цаьршинна хьой дукхаезийтар, цаьршинца лела ма-езза лела хьайна хьекъал далар.

ХIай хьоме нус, хьайн дагахь латтабе хIара хьехам, тIаккха царна дукхаезаш хир ю хьо, хьан дика цIе йоккхур ю хьо дуьнен чохь йолуш, йоккха ял, шорта мела а хир бу хьуна эхартахь.

## Нанас кхочушдан деза декхар

Цхьайолу нана хуьлу шен кIантана, ша бо я ца бо ца хууш, ницкъ беш. Кхеташ ду, нанна шен кIант дукхавезий, дахарехь иза ирсе хила лаьий. Шен кIанта зуда ялийча, ша цунах дIакъаьстина моьттуш, ша цуьнан даг тIера йоьжна моьттуш хиларо ницкъ бо цунна а, цуьнан кIантана. И бахьанехь цунна ца еза шен нус, цуьнца хьагI а лоцу цо. Нанас кIантана хаздан там бу шен зуда йитар, цунна ша кхин а гIоли ерг ялор ю бохуш, чIагIонаш а еш, и нус мел чIогIа гIиллакх долуш елахь а. Хийла нана хуьлу шен кIант шен хIусамненаца бертахь а, ирсе а гича и гIуллакх ца лалуш. ТIаккха шен тIаьхье вуон хуьлуш долу хIуманаш леладо цо. Хийла нана хуьлу шен несаца шога, цунан сакхташ дуьйцуш, цуьнгахь долу хаза гIиллакх хьулдеш, цунна харц цIе а кхуллуш, говза дешнаш а далош.

**ХIай сийдолу нана! ХIай хьайн кIант дукхавезаш ерг, иза ирсе хила лууш ерг!** ХIума йохош долу лом санна ма хила хьо, хьайн даг чохь йолчу хьогIца доьзал багош, цIе ма латае ахь, хьайна моьттучу хIуманашна муьтIахь ма хила хьо – цIена дерг бехдийр ду ахь, сингаттам боккхур бу ахь. Хьайн несаца йолу юкъаметтиг, мостагIчо мостагIчуьнца санна, эмгаро эмгарца санна, ма лелае ахь, нана санна хила цунна, йоI санна хир ю и хьуна. Хьуна дика ма ду иза езар, цуьнгара дуьйлу цхьадолу хIуманаш тергал ца дар. Нагахь хьайна цуьнгара ледарло хаалахь, кIеда-мерзачу гIиллакхца цунна хьехам бан сихо е, тIаккха ирсе хир ду шун массеран дахар. Хьуна дика ма ду цуьнца дика хилар. СовгIат де, цIенчу даггара, хазачу гIиллакхца цунна доIа де, хьакъ йолчош хастае, хаза юкъаметтиг лелае – АллахIа Шен Iуналлина кIел юьгур ю хьо, Шен къинхетам а совбоккхур бу хьуна.

## Дена-нанна дика хиларан хьокъехь дийцарш

Дена-нанна дика хиларх, оцу тIехь гIо деш долчу бахьанех лаьцна а дийцира вай. ХIара гIиллакхаш Iалашдан вай тIелаьцча, и бахьанаш лелорехь вай къахьегча, шаьш Деле доIа дича Цо жоп а луш, шаьш къиношна гечдар дехча Дала геч а дечу, Цо хаьржинчу дикачу нахах хила герга ду вай. Ма йоккха сийлалла, дозалла а, доккха дакъа а ду ишттачу нахана дерг. Пайхамарийн а, элчанийн а (Делера салам хуьлийла царна), царна тIаьхьабабьзначу бусалба нехан а дахарех дена-нанна дика хиларца гайтина масалш ду. И хаза масалш бахьанехь Дала церан дарж ойбу, дуьненахь, эхартахь уьш баз а бо. Лахахь кхидIа а далор ду вай и хаза масалш. Ишттачу гIуллакхашна тIехь сутара довла аьлла, вайга болу кхайкхам санна лара а мегар ду уьш.

Нухь-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) лаьцна ду хIара. Дала вайна иза хьахаво, цо шен дена-нанна Шега гечдар доьхуш хилар а хоуьйтуш. Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь довзийтина Нухь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) дош: **«ХIай сан Дела, Ахь гечдехьа суна а, сан дена-нанна а, ийман диллина сан цIа чу ваьллачунна а, ийман диллинчу божаршна а, ийман диллинчу зударшна а».** *«Нухь», 28.*

ХIара ду, Дела цхьаъ вечу нехан имам волчу ИбрахIим-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) лаьцна. И шен дега вистхуьлу кIеда-мерза а, нийса дерг цуьнга кхачо а гIерташ, иза нисваларе, цо ладогIаре дог а дохуш, иза хIаллакьхиларх, цуьнан тIаьхье вуон хиларх кхера а кхоьруш. Цо олуш хилла, Дала вайна Къуръана чохь билгал ма-дарра. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа хьахаве Къуръана чохь ИбрахIим. Баккъалла а, иза вара бакълуьйш верг а, пайхамар а. Цо аьллера шен дега: «ХIай сан да, хIумма хезаш а, гуш а йоцчу, цхьана а хIуманах хьо кIелхьаравоккхур а воцчу хIуманна Iибадат хIунда до ахь? ХIай сан да, соьга деана Iилманах хьоьга ца деанарг, суна тIаьхьахIотта – аса нийсачу новкъа воккхур ву хьо. ХIай сан да, шайтIанна Iибадат ма де ахь, баккъалла а, и шайтIа Къинхетаме Волчунна** (Далла) **Iеса хилла. ХIай сан да, со кхоьру Къинхетаме Волчун Iазапо хьо схьалацарна, тIаккха хьох шайтIанан накъост а хуьлуш».** *«Марьям», 41-45.*

ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) вистхиллера шен дега кIорггера маьIна долчу хIокху лерамечу дешнашца. Ша ладугIуш верг а, шен дог дакъаделла ца хиллехь, оцу хазачу дешнаша нийсачу новкъа ваьккхина хир вара.

ХIара дийцар ду ИбрахIим-пайхамаран кIантах ИсмаIил-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цаьршинна) лаьцна. Цо дитина массо а адамана даг чу дуьжуш долу масал. Иза дара цуьнан дас цуьнга аьллачу хенахь: **«ХIай сан жима кIант, суна гIенах гина ас хьуна** (гIурбана) **урс хьокхуш».** *«Ас-Соффат», 102.* Ткъа муха хилла аьлла хета шуна ИсмаIилан (Делера салам хуьлийла цунна) жоп?! Шен жоп дахдира те цо, я даздира, я дуьхьало йира те цо? ХIан-хIа, бакъду, цо элира, Дала вайна Къуръана чохь цунах лаьцна билгал ма-дарра: **«ХIай сан хьоме да, хьайга** (Дала) **омра динарг кхочушде ахь, со, Дала мукъалахь, собаре хиллачарех карор ву хьуна».** *«Ас-Соффат», 102.*

ХIара ду-кх Марьяман кIантах – Iийса-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цаьршинна) лаьцнарг. Иза агана чохь бер долуш АллахIа хастийна, шен нанна дика доьзалхо а ву, цул совнаха Веза-Сийлахьчу Делан лай а ву, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Iийсас) **элира: «Со Делан лай ву, Цо соьга жайна делла, Цо сох пайхамар вина. Цо со беркате вина, со**

**миччахь велахь а, Соьга весет дина Цо, ламаз де, закат ло хьой дийна мел ву, хьайн нанна дика хила а аьлла. Цо со ца хилийтина нахана ницкъ бийриг а, дакъазаваьлларг а».** *«Марьям», 30-32.*

Хьалха дIабаханарш шайн дайшна-наношна дика хиларх лаьцна масалш далор ду вай. Церан дахаран вай леррина тидам бича, вайна кIезиг ца карадо уьш.

1) Абу Муррата дийцина: «Со вахара Абу ХIурайратца «Iакъикъ» олучу цуьнан лаьтта тIе. Шен керта кхаьчча, цо элира: «Делера салам-маршалла хуьлийла хьуна, хIай сан нана», – аьлла. Нанас жоп делира: «Делера салам-маршалла хуьлийла хьуна, хIай сан кIант», – аьлла. КIанта элира: «Ахь жима волуш со кхиорна, Дала къинхетам бойла хьох, хIай сан нана». Нанас элира: «ХIай сан кIант, Дала диканца бекхам бойла хьуна, Дела реза а хуьлийла хьуна, хьо воккхахилча хьо соьга хьажарна».

2) ХIара ду Ибн Iумарх (Дела реза хуьлийла цаьршинна) лаьцна дийцинарг. Ша Макка воьдучу хенахь цунна дуьхьалкхийтира цхьа акха Iарби. Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) салам делира цуьнга, ша тIехь волчу вира тIе хаийра цо иза, шен коьрта тиллина йолу чалба елира цо цунна. Ибн Динарс дийцина, шаьш цуьнга элира, аьлла: «Дала аьтто бе хьан, хIай ибн Iумар, уьш-м акха Iарбий бай, кIезиг долчух таро йо цара». Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) элира: «ХIокхуьнан да вара сан ден – Iумаран – доттагI. Суна хезна Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш: **«Уггар доккха дика ду - кIанта шен ден доттагIчуьнца гергарло леладар».**

3) Бусалба нехан нанас Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со вахара ялсамани чу, суна хезира цу чохь дешар, тIаккха ас хаьттира: «ХIара мила ву?» Цара жоп делира: «НуIманан кIант Хьарисат ву, дика хилар ишта ду-кх, дика хилар ишта ду-кх, и вара шен ненаца дика хиларехь уггар дикачарах».**

4) Абу Iабдуррохьмана Аль-Хьанафий бохучо дийцина: «Хьасанан кIантана КахIмасанна шен чохь стулоцу гезг (скорпион) гира, цунна лиира иза ен. Амма, къаьхкина, цхьана Iуьрга иккхира иза. КахIмасана шен куьг дахийтира оца Iуьрга, тIаккха гезго цунна дIовш туьйхира. Иза дIаьвше юй хьайна хуъушехь, ахь хьайн куьг оцу чу хIунда дахийтира аьлла, шега хаьттича, цо жоп делира: «Со кхоьрура, цо оцу Iуьргара ара а яьлла, сайн нана къовзорна».

5) ХIара дийцар ду Абу ТIолибан Iелин Хьусайнан Iелин кIантах Абу Аль-Хьасанах (Дела реза хуьлийла царна). Иза хилла табиIинашха коьрта болчу нахах, шен ненаца чIогIа дика хилла иза. Цуьнга хаьттина хилла: «Баккъалла

а, нахал дика ву хьо хьайн ненаца, амма тхуна ма ца го хьо хьайн ненаца цхьана яахIума юуш?» Цо аьлла: «Со кхоьру (яахIума юучу хенахь) сайн куьг сан ненан бIаьрг тIехIоьттинчу метте а кхевдина, тIаккха (и бахьанехь) сой цунна вуон хиларна».
6) Ибн Iавнах дийцина хIара. Сиринан кIант Мухьаммад (Дала къинхетам бойла цунах) шен нана йолчохь гинчунна Мухьаммад цомгаш ву мотталора. Бахьана дара и шен нене тIехкIеда вистхуьлуш хилар.

Ибн Iавнах кхин а дийцина. Цхьа стаг веара Сиринан кIант Мухьаммад (Дала къинхетам бойла цунах) волчу, иза шен нана йолчохь а волуш. Веанчу стага хьаьттира: «Оцу Мухьаммадна хIун хилла, ма гIийла го иза, стен сагатдо те цуьнан?» Цуьнга иштта жоп делира: «ХIумма а ца хилла цунна, шен нана йолчохь иштта хуьлу иза».
7) Сулаймана кIанта ДжаIфара вийцира Мункадиран кIант Мухьаммад: «Цо лаьтта охьаюьллура шен бесни, тIаккха олура: «ХIай сан нана, хьала а гIаттий, хьайн ког сан бесни тIе биллахьа».
8) Ибн Iавнас дийцина, шен нанас шега кхайкхира, амма цунна жоп даларехь шен аз неначул айбар нисделира шен, аьлла. И бахьанех цо 2 лай хьалхавитира.
9) Зарран кIанте Iумаре хьаьттина хилла: «Хьан кIант хьоьца муха вара?», – аьлла. Цо жоп делира: «Со дийнахь цуьнца цкъа а цхьанхьа а ма ца вахана, иза суна тIаьхьахIуттуш а бен, я буса а ма ца вахана со цхьанххьа а, иза хьалхаволуш а бен. Цкъа а тхов тIе хьала ма ца ваьлла иза, со бухахь а волуш».
10) Бусалба нехан паччахь Мансур волчохь гуламехь вара Солихьул-Iаббасий. Ша цуьнга вистхуьлуш, «тхан дас, Дала къинхетам бойла цунах…» олура цо, сих-сиха шен да хьахош. РабийIа цуьнга элира: «Бусалба нехан паччахь волчохь хьо волуш, айхьа хьайн да мосазза хьахаво а, Дала цунах къинхетам бар ма хьехаде». Цо цунна жоп делира: «Ас хьуна бехк ца буьллу, дегара марзо эцна вац хьо».
11) Дена-нанна дика хиллачарах ву Бундар аль-Мухьаддис. Цунах лаьцна ЗахIабис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Цо Басрахь гулдина хьадисаш. Шен нанна муьтIахь а хилла, кхечу махка ца вахана иза». ДжаIфаран кIанта IабдуллахIа дийцина, шена Бундарас олуш хезира, аьлла: «Суна лиира Iилма лахаран Iалашонца махках вала. Сан нанас ца магийра иза, со цунна муьтIахь хилира тIаккха. Дала суна беркат дира».
12) АсмаIис дийцина, шега цхьана акха Iарбичо элира, аьлла: «Со аравелира, нахалахь уггаре деца-ненаца дика верг а, вуон верг а лаха. Цхьана воккхачу стагана тIекхечира со. Делккъехь де дохделлачу хенахь дара иза. Эмкало а халахьур долу чийлик (ведро) дара мушца цуьнан коча тесна. Воккхачу

стагана тIаьхьахIоьттина (цунна шен карара шад етташ) жима стаг вара. Цуьнан букъ цистина бара, и шад йиттина. Ас элира тIаккха: «Делах ца кхоьру хьо айхьа хIокху заьIап волчу воккхачу стагана ницкъ бар бахьанехь? Ахь цунна ца йиттича а, цо кочахь текхориг кхачаме ца хета хьуна?!» Цо жоп делира: «Баккъалла а, иза-м, цул совнаха, сан да ву». Ас элира: «Дала диканца бекхам ма бойла хьуна». Оцу кIанта элира тIаккха: «Саца, хIокхо шен дена тIехь дора изза, цуьнан дас шен дена тIехь дора изза». ТIаккха ас элира: «ХIара ву-кх, кхиболчу нахал дена-нанна вуон верг». Цул тIаьхьа со дIавахара цхьана къонахчунна тIекхаччалц. Цуьнан кочарчу тускара чохь (ша к1орни санна лелош волу) къена воккха стаг вара, къаналлина худавелла а волуш. ХIора сохьтехь шен шина куьйга хьалха охьавуьллура цо иза, цунна, кIорнина санна, яахIума а яайора. Ас хаьттира: «ХIара хIун ду?» – аьлла. Цо жоп делира: «ХIара сан да ву, беран амале вахана волу; со цуьнан доладеш ву». Ас элира: «ХIара ву-кх, кхиболчу нахал дена-нанна дика верг».
13) Хьабибан кIант ТIалкъ вара Iамал дика ечу Iеламнахах, цо барт лора шен ненан коьрта тIе. Шен хIусаман тхов тIе ца волура иза, шен нана оцу цIа чохь а йолуш. Иштта сий дора цо шен ненан.
14. IабдуллахIан кIанта Iамира аьлла: «Сан да велира. Дуьззинчу шарахь ас ма ца дийхира Деле Цо сан дена гечдар а бен».

ТIаьххьарлера вайн кхайкхам – Iаламаш кхоьллинчу АллахIна хастамбар ду!